

# *Kontra Lekòl-Paran Grove Park Lekòl Elemantè 2020-2021*

Chè fanmi yo,

Fakilte Lekòl Elemantè Grove Park, anplwaye yo, fanmi yo ak elèv yo dakò ke kontra sa a esplike kijan nou pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Kontra enfòmèl la dekri kijan lekòl la ak fanmi yo pral bati ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo reyalize nan yon anviwònman aprantisaj ki efikas, ki pèmèt elèv yo satisfè nòm ofisyèl siksè akademik leta yo. Tanpri revize ak pitit ou, siyen, epi retounen pòsyon anba a bay pwofesè pitit ou a anvan 16 septanm 2019.

## **Objektif akademik nou**

1. Pou ogmante konpetans lekti pou elèv yo anvan yo rive nan 3<sup>em</sup> ane, lekòl nou an pral konsantre sou devlope vokabilè ak fè koneksyon tèks, epi an jeneral amelyore konpreyansyon lekti nan klas K-5yèm ane.
2. Pou ogmante preparasyon pou lekòl segondè, lekòl nou an pral konsantre sou pwoblèm mo ak estimasyon nan klas K-5.

## **Lekòl la ap travay avèk elèv yo ak fanmi yo pou sipòte siksè elèv yo nan lekti ak matematik pa mwayen sila yo:**

- asire salklas yo san danje, ouvè epi akeyan. endividyalize enstriksyon nan salklas la pou satisfè bezwen akademik inik chak elèv.
- bay fanmi yo zouti pou yo travay, nan aprantisaj lakay yo ki ede ak vokabilè, estimasyon ak vale pozisyon.
- ofri sware fanmi gratis konsantre sou vokabilè, estimasyon ak estrateji pou rezoud pwoblèm.
- distribye bilten chak semèn nou an ki gen lyen pou sit entènèt, atik, ak jwèt ke fanmi yo ka jwe pou revize mo vokabilè nou te entwodwi yo.
- bay opòtinite kontinyèl pou fanmi yo rankontre epi pataje eksperyans ak desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo.
- Eksplike kourikoulòm ak enfòmasyon sou egzamen ofisyèl yo epi pataje rezilta elèv yo.

## **Fanmi yo ap sipòte siksè elèv yo nan lekti ak matematik pa mwayen sila yo:**

- pran plezi nan vokabilè ak matematik lè w itilize materyèl nan bilten chak semèn pou eksplòre aprantisaj lakay ou.
- patisipe nan kourikoulòm sware fanmi, sware STEM ak tout konferans yo pou aprann estrateji pou ede timoun yo ogmante vokabilè, fè koneksyon tèks, estime, ak konprann valè pozisyon.
- jwe jwèt mo ak nouvo mo vokabilè yo epi jwenn fason pou itilize mo sila yo nan konvèsasyon fanmi yo.
- li bilten ckak semèn an epi tcheke sit entènèt lekòl la, Facebook ak Twitter pou plis ide pou itilize lakay ou.
- ede ak devwa ak gade epi siyen liv ajanda ckak jou.

- Asire elèv yo lekòl chak jou alè epi prepare pou aprann.

**Elèv yo ap travay nan direksyon siksè ak pwofesè yo ak fanmi yo. Elèv pral konekte aprantisaj lekòl ak aprantisaj lakay pa mwayen sila yo:**

- Pale ak fanmi an sou nouvo mo vokabilè ak sa yo anseye nan matematik.
- Pote bilten klas lakay ak notis sou sware fanmi ak sware akademik ki baze sou kourikoulòm.
- Itilize twous aprantisaj lakay ou ak sit entènèt pou amelyore vakabilè, fè koneksyon tèks, ak pratik estimasyon ak valè pozisyon.
- Kenbe yon jounal pou jwèt ki te jwe nan kay la pou pratike nouvo mo vokabilè ak matematik.
- Vini lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi swiv tout règleman ak pwosedi yo.
- Pote ajanda elèv la siyen nan lekòl la chak jou.

Tanpri siyen epi date anba a pou rekonèt ke out e resevwa, li, epi dakò ak kontra lekòl-paran sila. Kontra lekòl-paran sila pral diskite avèk ou pandan tout ane a nan deferan evènman fanmi-lekòl pandan nap travay ansanm pou ede pitit ou reyisi nan lekòl.

**Nou ap tan san pasyans patenarya Lekòl-Paran nou an!**

~~~Tanpri siyen epi retounen pòsyon sa a kòm prèv akò ou.~~~~~

Mwen revize epi mwen dakò ak kontra lekòl-paran pou Lekòl Grove Park Elementary.

|                            |                |
|----------------------------|----------------|
| _____ -<br>Direktris       | _____ -<br>Dat |
| _____ -<br>Pwofesè         | _____ -<br>Dat |
| _____ -<br>Paran/Responsab | _____ -<br>Dat |
| _____ -<br>Elèv            | _____ -<br>Dat |